

Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

Shiko këtë dokument në shqip | عرض هذه الوثيقة باللغة العربية | এই নথিটি বাংলা ভাষায় দেখুন
 查看本文件的简体中文版本 | 查看本文件的繁體中文版本 | Consultez ce document en français | Gade dokiman sa a an Kreyòl ayisyen
 이 문서를 한국어로 보십시오 | Документ на русском языке | Consulte este documento en español
 Переглянути цей документ українською мовою | اس دستاویز کو اردو میں ملاحظہ کریں | Ushbu hujjatni ichida ko'ring O'zbek

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

2026 jen

Mizajou pou fanmi sa a bay enfòmasyon sou fen ane lekòl 2025-2026 la, manje pandan ete, pwogram Summer Rising, lekòl pandan ete, mizajou sou admisyon pou otòn 2026, pwogram ete Lig atletik lekòl leta (PSAL) lekòl segondè ak lekti pandan ete.

Kontni

- [Fen ane lekòl 2025-2026](#)
- [Manje pandan ete](#)
- [Pwogram Summer Rising](#)
- [Lekòl pandan ete](#)
- [Dat enpòtan pou admisyon](#)
- [Pwogram ete Lig atletik lekòl leta \(PSAL\) lekòl segondè](#)
- [Lekti pandan ete](#)

Fen ane lekòl 2025-26

Dènye jou lekòl se **vandredi 26 jen 2026!** Ale nan schools.nyc.gov/Calendar pou wè dat enpòtan nan mwa jen, ladan kilè egzamen Regents ap fèt ak kilè lekòl yo ap fèmen pou selebrasyon jou ferye yo rekonèt.

Manje pandan ete

Pandan lekòl fèmen, elèv ka toujou resewva manje maten ak manje midi gratis! Soti **29 jen rive 4 septanm**, nenpòt moun ki gen laj 18 lane oswa mwens ka jwenn manje gratis pandan ete nan kèk lekòl leta Vil Nouyòk, pisin sant kominotè, pak, ak bibliyotèk. Ou pa bezwen enskri alavans oswa bay idantifikasyon—jis ale nan yon lokal Summer Meals epi manje! Adrès, dat, lè ak meni yo ka chanje; ale nan schools.nyc.gov/SummerMeals pou wè mizajou yo.

- **Dat fonksyònman:** Lendi 29 jen–vandredi 4 septanm 2026 (**Ap fèmen vandredi 3 jiyè 2026**)
- **Lè fonksyònman:** Manje maten soti 8 rive 9:15 a.m. | Manje midi soti 11 a.m. rive 1:15 p.m.

Summer Rising

Prepare pou bonjan eksperyans aprantisaj pou ete a! Pwogram Summer Rising ap kòmanse **mèkredi 1ye jiyè**, epi l ap fèt lendi rive vandredi soti 8 a.m.–6 p.m. Pwogram lan ap fini **vandredi 14 out** pou elèv ki nan klas K–5yèm ane oswa **vandredi 7 out** pou elèv ki nan klas 6yèm–8yèm ane, epi l ap fèmen **vandredi 3 jiyè** pou fèt endepandans.

Si w te aksepte òf pwogram Summer Rising ou a avan 5 me, w ap resevwa plis enfòmasyon avan 1ye jiyè. Rete okouran sou tout detay pwogram lan nan schools.nyc.gov/SummerRising.

Lekòl ete

Chak mwa me ak jen, pwofesè evalye pwogrè elèv pou detèmine si yo pare pou pwochen nivo klas la. Fanmi elèv ki poko fè ase pwogrè yo pral resevwa yon lèt nan mitan mwa jen an.

Si elèv ou a nan klas 3yèm jiska 8yèm ane epi li pa ranpli kondisyon pou chanje klas nan mwa jen an, l ap gen pou ale nan lekòl ete. Si elèv ou a pa t resevwa yon plas nan pwogram Summer Rising, lè sa a li pral patisipe nan pòsyon akademik la sèlman. W ap jwenn plis detay sou dat ak lè yo nan lèt la. Nan fen lekòl ete a, lekòl yo pral pran yon desizyon final sou chak nivo klas elèv pou pwochen ane lekòl la.

Dat enpòtan pou admisyon

Aplikasyon pwogram 2-K pou otòn 2026 ap ouvè 2 jen

Pwogram 2-K ofisyèlman lanse admisyon pou otòn 2026! Peryòd aplikasyon an ap kòmanse **soti madi 2 jen** jiska **vandredi 26 jen**. Tout fanmi NYC ki gen timoun ki fèt an 2024 ka aplike, ladan timoun ki gen andikap, timoun ki gen bezwen chèz woulant, timoun k ap aprann lang Anglè ak timoun ki nan lojman tanporè.

Ann otòn 2026 pwogram 2-K yo ap disponib nan distri 6, 10, 18, 23 ak 27. Fanmi atravè vil la ka aplike pou yon plas nan pwogram 2-K nan distri sa yo; y ap bay plas dapre priyorite moun k ap viv nan distri a.

Pou aplike, kreye oswa konekte sou kont MySchools.nyc ou deja genyen an epi ajoute enfòmasyon pitit ou a sou pwofil ou a. Ou ka wè opsyon pwogram yo nan anyè 2-K a nan myschools.nyc/schools/2K.

Nan pifò ka, timoun lan dwe gen laj 2 lane pou l ka kòmanse pwogram 2-K nan premye jou lekòl la. Timoun k ap gen 2 lane pi ta nan ane a ka jwenn òf pou kòmanse nan yon lòt dat pita. Pou plis enfòmasyon, ale nan schools.nyc.gov/2K.

Rezilta pou pwogram G&T pou klas 1ye-4yèm ane

Si w te aplike pou pwogram elèv ki gen don ak talan (Gifted and Talented, G&T) pou klas 1ye-4yèm ane pou otòn 2026 nan delè **vandredi 8 me**, w ap resevwa rezilta pitit ou a **jedi 11 jen**. rantre nan (Log in) MySchools.nyc pou aksepte yon òf ak wè nenpòt lisdatant pitit ou a ta ka ye. Delè pou aksepte yon òf pwogram G&T se vandredi 26 jen. Jwenn plis enfòmasyon sou kòman yo fè òf yo nan schools.nyc.gov/GT.

Pwogram ete lekòl segondè Lig atletik lekòl leta (PSAL)

Ete sa a, elèv NYCPS k ap antre nan klas 9yèm rive 12yèm ane an otòn 2026 lan ka enskri pou pwogram espò ete, fitness, ak lwazi Lig Atletik Lekòl Leta (PSAL) nan Lekòl Segondè ! Patisipan yo pral jwenn fòmasyon atletik gratis, devlopman konpetans espesifik nan espò, ak aktivite pou lwazi nan lokal yo chwazi atravè senk boroughs yo. Pwogram lan ap fèt lendi rive jedi apati 3–6 p.m., epi l ap fèt an de sesyon:

- **1ye sesyon:** Lendi 13 jiyè – Madi 28 jiyè
- **2yèm sesyon:** Mèkredi 29 jiyè – Jedi 13 out

Ou ka jwen detay sou pwogram yo epi enskri nan pwogram lan nan on.nyc.gov/PSALsummer. Elèv ka enskri nan nenpòt lokal ak pwogram PSAL pou ete a pa sesyon, kèlkeswa kote yo ale lekòl pandan ane a.

Lekti pandan ete

Jwenn konsèy sou lekti pou fè lakay ak liv yo rekòmande pou tout nivo klas nan gid sou lekti ete nou an, ki disponib nan schools.nyc.gov/LiteracyResources! Anplis, sèvi avèk enfòmasyon NYCPS ou yo pou tcheke plizyè milye liv elektwonik (e-books), liv odyo (audiobooks) ak magazin nan diferan lang nan sora, yon bibliyotèk dijital vil la nan soraapp.com/library/NYCSchools.